

KOMITE SKOLÈ VIL BOSTON



REYINYON IBRID (MELANJE) KOMITE SKOLÈ BOSTON

18 desanm, 2024, a 6:00 diswa

Reyinyon Komite Skolè Boston an ap fèt an pèsòn nan lokal Bruce C. Bolling Municipal Building, nan adrès 2300 Washington Street, nan chanm « School Committee Chamber » a, 2nd Floor (2yèm etaj), Roxbury, MA 02119, epitou l ap transmèt an dirèk sou chèn Boston City TV (Xfinity Channel 24, RCN Channel 13, ak Fios Channel 962) ak sou Zoom.

Tanpri klike sou lyen anba a pou w antre sou webinè Zoom nan: https://k12-bostonpublicschools.zoom.us/webinar/register/WN_ZZJJ7nwZSkCABQ78b1I2Tw#

Kòmantè gran piblik la : Tanpri enskri [nan lyen sa a](#) pou w temwaye. Enskripsyon pou fè kòmantè piblik ap tèmine a 5:00 nan laprèmidi, jou reyinyon an. Komite a ap kontinye ofri de (2) peryòd pou moun fè kòmantè, kote ke premye peryòd pou fè kòmantè a ap limite a en (1) èdtan. N ap bay priyorite a moun sila yo k ap temwaye an pèsòn. Si lè a pèmèt, apresa Komite a ap ouvri li pou temwayaj vityèl. Aprè en èdtan, nenpòt moun ki pa t gen opòtinite pou l te temwaye, ap gen opòtinite pou l fè sa nan fen reyinyon an. Ou kapab voye temwayaj ekri yo nan adrès imel lparvex@bostonpublicschools.org pou distribisyon bay Komite a.

Pwogram Reyinyon an

6:00 nan laprè midi

- I. Salye drapo/Sèman drapo
- II. Rapèl a lòd
- III. Pwosè vèbal : Pwofesè Massachusetts pou Ane a
- IV. Apwobasyon Pwosè Vèbal Reyinyon : 4 desanm, 2024
- V. Rapò Sipèentandan an
- VI. Kòmantè Gran Piblik la
- VII. Mezi pou n pran yo
 - Sibvansyon ki pou apwouve : (ki bezwen apwobasyon) 4.138.421\$ antou

Montan an	Ane Fiskal (Ane Finanse a - FY)	Non Sibvansyon an	Estat li	Jesyonè Pwogram NAN	Domèn entèvansyon yo	Lokal la(yo) :
240.000\$	2025	Acceleration Academies Grant FC 0322 (sibvansyon pou Akademi Akselerasyon yo)	Nouvo	Heather McCormack, Expanded Learning and Opportunities (Aprantisaj ak divès Opòtinite Elaji)	Tan Aprantisaj Pwolonje	Jiska 5 lekòl transfòmasyon pou chak sesyon
100.000\$	2025	Supporting Students' Social Emotional Learning, Behavioral & Mental Health, and Wellness Grant (Sibvansyon pou Sipòte Aprantisaj Sosyal Emosyonèl, Konpòtman ak Sante Mantal, ak Byenèt Elèv yo) FC 0311	Nouvo	Cynthia Lê, Sèvis Sante Konpòtmantal	Aprantisaj Sosyal e Emosyonèl	Nan tout distri a
2.230.921\$	2025	Project PROVIDE (Pwojè FOUNI) : Patenarya pou Preparasyon pou Ofri Entèvansyon ki gen anpil Kalite ak Valè nan divès kalite kontèks edikasyonèl	Kontinyasyon, 3yèm Ane	Cynthia Lê, Behavioral Health Services (Sèvis Sante Konpòtmantal)	Divès pwogram ak sèvis pou sante mantal	Twa depatman : Behavioral Health Services, Office of Social Work, Office of School Counseling (Sèvis Sante Konpòtmantal, Biwo Travay Sosyal, Biwo Konsèy Lekòl)
1.567.500\$	2025	MOR-EV Trucks RVII0070-RVII052	Nouvo	Depatman Transpòtasyon Cian Fields	Transpòtasyon	Nan tout distri a
Total	4.138.421\$					

- Divès Akò Negosyasyon Kolektif : Kontraktè « Transdev » ak sendika « United Steelworkers Lokal 8751 »
- Lèt Akò A sendika United Steelworkers Local 8751

- Lèt Akò B sendika United Steelworkers Local 8751
- Demann Apwopriyasyon Siplemanal ane fiskal 2025 ki totalize 6.637.486\$ pou apiye Akò Negosyasyon Kolektif ant sendika Transdev ak sendika United Steelworkers Local 8751

VIII. Rapò

- Mizajou sou afè finans pou ane fiskal 2025-2026
- Rekòmandasyon pou Regleman konsènan Admisyon nan Lekòl Konkou Antre yo

IX. Komantè gran piblik la sou rapò a

X. Nouvo sijè

XI. Reyinyon an lage